

## BAB III

### METODE PANALUNGTIKAN

#### 3.1 Sumber Data


Sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta karangan éksposisi anu dijieun ku siswa kelas VII-11 SMPN 43 Bandung Taun ajaran 2013/2014. Tina éta sumber data téh dianalisis jeung didéskrisikeun kecap pancén dumasar (1) wangun jeung distribusi kecap pancén, jeung (2) wanda, fungsi, harti kecap pancén.

#### 3.2 Desain Panalungtikan

Desain anu digunakeun dina ieu panalungtikan bisa ditingali dina gambar ieu di handap.

**Bagan 3.1**

#### Desain Panalungtikan



### 3.3 Metode Panalungtikan

Métode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta métode déskriptif. Ieu métode digunakeun pikeun ngadéskripsikeun fakta-fakta jeung sifat-sifat data di lapangan sacara faktual, sistematis, tur akurat (Suyatna, 2002, kc. 14).

Métode déskriptif ieu digunakeun pikeun ngadéskripsikeun kecap pancén, dina sumber data nu mangrupa karangan éksposisi siswa kelas VII-11 SMPN 43 Bandung. Anu didéskripsikeun nya éta, perkara wangun jeung distribusi kecap pancén, jeung wanda, fungsi, harti kecap pancén dina karangan éksposisi siswa kelas VII-11.

### 3.4 Wangenan Operasional

Aya sababaraha istilah anu perlu dijentrékeun patali jeung judul ieu panalungtikan nyaéta kecap pancén, karangan éksposisi, tilikan struktur, fungsi, jeung harti.

#### a. Kecap Pancén

Kecap pancén atawa partikel nyaéta kecap anu gunana pikeun ngajentrékeun kalimah katut bagianana. Wanda kecap pancén ngawengku kecap panambah (adverbia), kecapa panyambung (konjungsi), kecap pangantét (préposisi), jeung kecap panyeluk (interjéksi).

#### b. Karangan Éksposisi

Karangan éksposisi nyaéta karangan anu eusina ngajelaskeun, ngajentrékeun, atawa ngabahas hiji perkara. Kumaha prosésna, tujuanana pikeun ngajembaran pangaweruh nu macana. Dina wacana éksposisi baris kagambar hasil idéntifikasi, babandingan, klasifikasi, prosés, definisi, jeung ilustrasi.

#### c. Struktur, fungsi jeung harti

Tilikan struktur dina ieu panalungtikan nyaéta museur kana wangunna atawa wandana, anu patali fungsi jeung hartina dina kecap pancén anu kapanggih dina

karangan éksposisi siswa dumasar wandana. Struktur atawa adegan basa téh mangrupa organisasi unsur-unsur basa anu dumuk pola jeung hartina, sedengkeun harti nya éta konsép anu ngawengku makna jeung wangenan, anu miboga fungsi pikeun ngagunakeun basa dina tujuan tinangtu.

### 3.5 Instrumen Panalungtikan

Instrumén nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta (1) instrumén pikeun ngumpulkeun data jeung (2) instrumén pikeun ngolah data.

Dina ngumpulkeun data aya kertas kosong pikeun nyieun hiji karangan éksposisi anu saacaanna siswa geus dibéré materi ngeunaan karangan éksposisi.

Dina ngolah data kecap pancén, digunakeun pakakas mangrupa kartu data pikeun nganalisis kecap pancén anu digunakeun siswa. Eusi tina kartu data nyaéta (1) kecap pancén dina karangan éksposisi, (2) sumber data, kode (3) paragraf (4) kalimah

M

Miara lauk cupang *mah* teu hésé, sabab cupang *mah* sato nu leutik  
(KE/R01/02/05)

Wanda : Kecap panambah, panganteb

Fungsi : Pikeun ngantebkeun babagian kalimah anu dipentingkeun

Harti : Babandingan

Keterangan:

KE = Karangan Éksposisi

R = Respondén

02 = Paragraf

05 = Kalimah

### 3.6 Tehnik Ngumpulkeun Data

Téhnik nu digunakeun pikeun ngumpulkeun data nyaéta tehnik tés. Ieu téhnik digunakeun pikeun ngumpulkeun data karangan éksposisi siswa kelas VII-11 SMPN 43 Bandung. Ari ngumpulkeun datana ngaliwatan léngkah-léngkah ieu di handap:

- 1) Ngayakeun tés ngarang karangan éksposisi;
- 2) Ngumpulkeun hasil karangan éksposisi siswa;
- 3) Macaan hasil karangan siswa; jeung
- 4) Ngalalisis jeung nyirian kecap pancén naon waé nu kapanggih dina karangan éksposisi siswa.

### 3.7 Tehnik Ngolah Data

Dina ngolah data digunakeun tehnik analisis unsur langsung. Ari unsur anu dianalisis nyaéta kecap pancén anu aya dina karangan éksposisi siswa kelas VII-11 SMPN 43 Bandung.

Éta data diolah ngaliwatan léngkah-léngkah saperti ieu di handap.

- 1) Mariksa deui kalawan bener-bener data anu geus dikumpulkeun
- 2) Ngitung jumlah kecap pancén anu kapanggih dina karangan éksposisi siswa.
- 3) Nyieun papasingan jeung nganalisis kecap pancén dumasar kana wangun jeung wandana.
- 4) Ngadéskripsikeun kecap pancén anu kapanggih dina karangan éksposisi siswa, dumasar kana wangun jeung distribusina.
- 5) Ngadéskripsikeun kecap pancén anu kapanggih dina karangan éksposisi siswa, dumasar kana wanda, fungsi, jeung hartina.
- 6) Nyieun kacindekan tina hasil ngolah data.